



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO KANPAY POU ESTIMILE TOURIS NAN REJYON LAK ONTARIO

Anonse [lapèch gratis](#) sou Lak Ontario, Rivyè St. Lawrence ak Rivyè Lower Niagara Jiska Fèt Travay menm jan ak rabè 50% sou kanpin ak frè pou veyikil antre nan pak eta olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence

Nouvo piblisite sou televizyon pwomouvwa vwayaj sou Lak Ontario ak atraksyon avwazinant - gade piblisite a [isit la](#)

Amelyorasyon enkibatè ak sibvansyon rezilyans pral estimile 121 milyon dola yo nan benefis ekonomik rejyonal

Kontinye misyon komisyon REDI pou konstwi kominote lokal ki pi rezilyan ak pi fò olon rivaj lan lè yo ranfòse ekonomi lokal

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse lansman yon nouvo kanpay pou estimile touris nan rejyon Lak Ontario alaswit inondasyon resan ki te afekte touris nan kominote olon rivaj lan. Nouvo inisyativ la enkli lapèch gratis sou Lak Ontario, Rivyè St Lawrence ak Rivyè Lower Niagara pandan Fèt Travay ansanm ak yon rabè 50 pousan sou teren kanpin Eta ak frè pou veyikil antre olon lak ak rivyè a. Yon nouvo piblisite televizyon ki ap difize nan plizyè eta avwazinan pral pwomouvwa nouvo kanpay sa a ak aktivite nan rejyon an. Gouvènè a te anonse tou eta a pral ofri plis pase 5 milyon dola pou modènize Enkibatè Pwason Somon Rivyè nan Konte Oswego.

"Lak Ontario ak resous nou genyen nan rejyon nò premye klas - epi pandan aktivite touris monte anpil epi li se yon gwo motè ekonomik, alaswit inondasyon resan an nan zòn lan we dwe fè mesaj la pase konsènan sa nou genyen isit la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Se pou rezon sa a n ap lanse yon nouvo kanpay pou pwomouvwa aktivite touris toupre Lak Ontario epi lojik nou an vrèman senp: si w ap chache yon vakans fantastik, abòdab epi ki bon pou fanmi an - gade nan nò nan Lak Ontario. N ap rekonstwi tou pi byen ak pi solid pou nou ka reziste nouvo nòmal inondasyon sa a, epi se sa ki objektif rezilyans ak inisyativ devlopman ekonomik lan."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Soti nan vi espektakilè, ale nan plaj entak, pou randone montay epik, ale nan avanti iben, nou vrèman genyen tout nan New York. Lak Ontario pami mèvèy natirèl majestyè ki plis presye pou nou. Menmsi rejyon sa a te fè fas a kèk moman difisil resaman, Nouyòkè rete rezilyan. Epi nou rekonesan poutèt Gouvènè Cuomo paske li angaje resous eta adisyonèl pou ankouraje moun vizite rejyon an epi ede kenbe li kòm yon destinasyon popilè pou vakansye ak avantirye ansanm".

"Nan New York nou fyè paske Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence kontinye rekoni kòm destinasyon premye klas pou pechè, pou ofri rezidan ak vizitè yon abondans aktivite rekreyatif", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo kanpay sa a pral pwomouvwa lapèch gratis ak rabè kanpin nan zòn lan, pou atire plis moun toujou epi estimile endistri touris la. Efò a konstwi sou aksyon nou yo pou kreye kominote ki pi rezilyan ak pi solid, pou asire yo resevwa pwoteksyon epi gen opòtinite pou grandi kounye epi ak nan fiti."

Gouvènè Cuomo resaman te lanse Komisyon REDI, yon gwoup travay plizyè ajans ki responsab pou devlope yon plan pou ranfòse enfrastrikti ak ogmante rezilyans olon rivaj nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence, pandan l ap ranfòse ekonomi lokal rejyon lan. Komisyon REDI a enkli jiska [300 milyon dola disponib nan finansman](#) pou kominote ki te afekte nan inondasyon Lak Ontario. Kanpay sa a pral sèvi pou raple vizitè k ap panse a vwayaje nan Eta New York ke zòn Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence ouvri pou biznis epi ranpli ak gwo opòtinite ki disponib pou vwayaj wikenn oubyen vakans pwolonje.

Gran Lak New York yo reprezante meyè monn lan gen pou ofri nan opòtinite lapèch rekreyatif epi yo estime rejyon Lak Ontario, Rivyè St. Lawrence ak Mil Zile (Thousand Islands) ap ofri 121 milyon dola nan benefis ekonomik rejyonal apati lapèch rekreyatif. Dènye ane yo te ofri lapèch ki bat rekò pou plizyè espès popilè epi sezon 2019 la, yon lòt fwa ankò, ofri ekselan opòtinite olon litoral pitorès rejyon septantriyonal New York. Yo rekonèt Lak Ontario kòm yon refij pou lapèch gwo trit ak somon. Nan klasifikasyon 2019 li an, epi pou premye fwa, *Bassmaster Magazine* te nonmen Rivyè St. Lawrence kòm premye destinasyon pou lapèch achigan nan nasyon an. Pandan yo atann pou nivo lak la rete piwo pase mwayèn lan, istwa resan te montre lapèch nan dlo sa yo pral rete premye nivo epi apwopriye pou tout nivo konpetans sou rivaj oubyen sou bato. Pou moun ki ta renmen yon vizit gide, plizyè konpayi fretez pou lapèch disponib pou anboche yo.

Lapèch gratis nan Lak Ontario, Rivyè St. Lawrence ak Rivyè Lower Niagara

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a pou premye fwa, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) nan Eta New York ap retire frè pèmi lapèch ak frè pèmi pou lapèch sou Lak Ontario, Rivyè St Lawrence ak Rivyè Lower Niagara kòmanse Vandredi, 2 Dawou, 2019 jiska Fèt Travay, 2 Septanm, 2019 a 5 p.m. tan nòmal nan lès. Pandan tan sa a, tout règ ak regleman eta konsènan sezon, to kapti, ak limit gwochè toujou aplike. Lapèch gratis sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence sipòte Inisyativ NY Ouvri pou Lapèch ak Lachas (NY Open for Fishing and Hunting Initiative) Gouvènè Cuomo an epi nouvo peryòd lapech gratis sa a sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence rete anplis de rès Jou Lapèch Gratis pou 2019 - 28 Septanm, Jounen Nasyonal pou Lachas ak Lapèch, epi 11 Novanm, Jounen Ansyen Sòlda. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite <https://on.ny.gov/freefishing2019>.

Rabè 50% sou kanpin nan pak eta ak frè pou veyikil antre

Pou ankouraje vizitè yo eksplòre Pak ak Lye Istorik Eta New York, Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ap ofri yon rabè 50 pousan sou nouvo rezèvasyon sit kanpin ak frè pou veyikil antre nan 30 teren kanpin, pak ak ranp lansman bato olon Lak Ontario ak Rivyè

St. Lawrence pou vizit pandan Septanm. Enstalasyon pak eta ki te enkli nan pwomosyon an se:

- Lak Ontario: Chimney Bluffs, Fair Haven; Fort Niagara, Four Mile Creek; Golden Hill; plaj Hamlin; plaj Lakeside; ranp lansman bato Mexico Point, Oak Orchard, plaj Sandy Island, Selkirk Shores; plaj Southwick; plaj Westcott, Wilson-Tuscarora,
- Rivyè St. Lawrence: Burnham Point; Canoe-Picnic Point; Cedar Island; Cedar Point; Coles Creek; Dewolf Point; Grass Point; Jacques Cartier; Keewaydin; Kring Point; Long Point; Mary Island; Robert Moses; Rock Island; Waterson Point, Wellesley Island.

Ou ka reyalize rezèvasyon kanpin sou entènèt nan <https://newyorkstateparks.reserveamerica.com/> oubyen lè w rele nan liy san frè 1-800-456-CAMP.

Kanpay piblisite I LOVE NY

Yon nouvo piblisite 30 segonn ki souliye aktivite ak atraksyon popilè sou ak otou Lak Ontario ap difize nan mache sibler, sa enkli rejyon sid New York, Massachusetts, Pennsylvania ak Connecticut. Piblisite a tou ap prezante nan fason notab nan yon kanpay nimerik ki enkli piblisite ak pwomosyon sou rezo sosyo, ki konplete kontni vwayaj espesifik sou iloveny.com, tankou yon [itinerè 48 èdtan](#) konsènan destinasyon ki rekòmande pou yon vwayaj wikenn pafè nan rejyon Lak Ontario lan.

Piblisite a prezante atraksyon apwopriye pou fanmi tankou rivaj Pak Eta Plaj Southwick, Fa Thirty Mile nan Pak Eta Golden Hill, ak kanpin nan Pak Eta Selkirk Shores. Li selebre enpòtans istorik rejyon an lè li prezante Ansyen Fò Niagara nan Youngstown - pi ansyen sit militè ki kontinyèlman okipe - pandan l ap rann omaj a eritaj notik rejyon an lè li prezante Mize Maritim H. Lee White nan Oswego epi lapèch premye klas sou Lak Ontario ki pitorès.

Amelyorasyon enkibatè

Gouvènè Cuomo te anonse tou investisman 5.25 milyon dola pou modènize Enkibatè Pwason Somon Rivyè nan Altmar, Konte Oswego, pou kontinye amelyore eksperyans lapèch nan Lak Ontario. Finansman an pral sipòte devlopman teknoloji depwent pou konsève ak re-italize dlo pou ogmante pwodiksyon pwason. Elvaj pwason se yon pratik ki entansif nan dlo epi enkibatè a aktyèlman itilize yon kouran dlo 10,000 galon dlo pa minit. Amelyorasyon yo ral pèmèt enstalasyon an ekonomize lajan pandan l ap elve plis pwason pou estokaj.

Prim Sibvansyon Gran Lak yo

Pou kontinye investi nan pwojè rezilyans ak devlopman ekonomik kòm yon pati nan inisyativ REDI Gouvènè Cuomo a, DEC ak Sibvansyon Maritim New York jodi a te anonse prim ki totalize prèske 75,000 dola pou pwojè ki baze sou kominote nan rejyon an. Benefisyè Pwogram Ti Sibavansyon Basen Gran Lak yo pral amelyore rezilyans ekonomik, ekolojik ak kominote atravè basen Gran Lak yo Finansman vini nan men Pwogram Konsèvasyon Ekosistèm Gran Lak ak Oseyan (Ocean and Great Lakes Ecosystem Conservation Program) nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund) epi sipòte aplikasyon administrasyon ki baze sou

ekosistèm pou pwoblèm anviwònmantral konplèks pou konsève, pwoteje ak amelyore resous natirèl iranplasab nan Gran Lak yo. Benefisyè yo enkli:

- Chanm Komès Konte St. Lawrence - 24,999 dola. Planifikasyon prensipal Destinasyon Touristik Lak St. Lawrence. Pwojè sa a ap kreye yon plan entè-minisipal pou amelyore ak garanti finanman pou touris ekolojik ak opòtinite rekreyatif, pa ekazanp, ogmante aksè a resous mas dlo lokal ak teren pou aktivite rekreyatif pandan tout ane a, epi devlope opòtinite entèpretasyon natirèl ak istorik olon santye ak pwendvi yo, konsa pou pote kwasans ekonomik rejyonal ki baz sou touris.
- Sant Finans Anviwònmantral nan Inivèsite Syracuse - 24,999 dola: Soti nan planifikasyon ale nan ekzekisyon: Konstwi kapasite nan Vil Sandy Creek. Pwojè sa a ofri gouvènman lokal asistans sibler nan ekzekite administasyon ki baze sou ekosistèm anndan plan ekzistan epi devlope estrateji planifikasyon pou basen Nò ak Sid Etan Sandy.
- Vilaj Sodus Point - 24,999 dola: Devlope ranp lansman pou kannòt ak kayak nan South Ontario Street kòm yon destinasyon eko-touris pou Great Sodus Bay. Pwojè sa a amelyore aksè a rivaj gras ak yon ranp lansman bato ak pòtay ki aksesib a andikape epi ki pa motorize pou ale nan yon santye pou rame nan Sodus Bay. Travay sou sit lan enkli eleman enfrastrikti vèt epi prezève yon zòn bank ki natirèlman ekziste olon bè a. Kolobaratè kominote enkli Asosyasyon Katye Sodus Point ak Save Our Sodus.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, "Depi nan premye jou a, kominote olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence te rann li klè bay manm komisyon REDI ke mete vizitè okouran yo ouvri pou biznis rete vital pou ekonomi rejyon yo an - epi n ap fè sa rive".

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral a (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, "Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence enkli anpil nan atraksyon ki pi bèl, pi istorik, pi amizan ou ka rankontre nan eta nou an. Sa a espesyalman reyèl avèk destinasyon lapèch premye nivo rejyon an, ki ofri kèk nan pi bon lapèch espòtif gason ak fanm pral jwenn kèlkeswa kote. Nouvo pwomosyon touris lan, envestisman nan enkibatè Somon rivyè, finansman rezilyans, ak lapèch gratis san yon pèmi ete sa a, Gouvènè Cuomo te anonse jodi a, pral ede plis Nouyòkè reyalize trezò olon rivaj nò nou yo epi atire plis vizitè nan pil gwo opòtinite k ap tann yo".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Gen ekselan sit kanpin nan rejyon Lak Ontario ki disponib toujou, anpil ladan yo prezante vi litoral lak la. Mwen ankouraje avantirye aktivite ekstèn yon pou pran avantaj de opòtinite sa a pou vizite yon pati enkwayab nan Eta New York".

Direktè Egzekitif Touris Eta New York la Ross D. Levi te deklare, "Soti nan chato zile ale nan plaj dlo dous pase nan vizit sou bato a idwojè ak mize premye klas, gen anpil destinasyon ki antoure Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence ki prè pou bay vizitè vakans yon vi. Menm si se kanotaj ak lapèch oubyen jwi de atraksyon kiltirèl, fanmi yo ka jwenn sa yo renmen nan ete sa a nan yon vizit k ap make memwa yo nan rejyon an".

Senatè Patty Ritchie te deklare, "Lak Ontario se yon resous konsiderab pou devlopman ekonomik olon kominote sou rivaj lak la. Jodi a se yon etap enpòtan nan eksplwate tout sa Lak Ontario gen pou l ofri, sa enkli lapèch fantastik. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman inebranlab li pou Lak Ontario epi mwen enpasyon pou travay ak li pou ranfòse ekonomi nou an nan fiti".

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Lè nou pran mezi pou estimile aktivite touris ak pwomouvwa vwayaj sou Lak Ontario, New York ap asire kominote Lak Ontario pral rete ouvri pou biznis. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li lanse nouvo kanpay sa a, ki pral setènman chanje jwèt la pou rejyon nou an".

Majistra Oswego Billy Barlow te deklare, "Kòm Majistra Oswego, mwen konnen pèsònèlman enpak Lak Ontario sou ekonomi nou an epi enpòtans eksplwatasyon resous li yo pou estimile aktivite touris. Gras ak Gouvènè Cuomo, nouvo kanpay sa a pral asire pwosperite ekonomik nan vil ak rejyon nou an pou deseni k ap vini yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou efò li yo pou asire kwasans ekonomik pou kominote olon rivaj Lak Ontario epi mwen remèsye li paske li se yon vrè zanmi ak alye pou rejyon nou an".

Direktris adjwen Sibvansyon Maritim New York Katherine E. Bunting-Howarth te deklare, "Sibvansyon Maritim New York (New York Sea Grant) kontan pou l travay ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York pou ede kominote atravè basen Gran Lak New York yo idantifye ak adrese opotinite pou aplike pratik ki baze sou ekosistèm pou bati rezilyans rivaj epi amelyore abita akwatik menm jan ak touris zòn rivaj ak devlopman ekonomik".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)